


Alkitab kanggo murangkalih
Nyanggakeun

Urang Samaria Hade Hate



Ditulis ku: Edward Hughes

Ilustrasi/juru gambar ku:
M. Maillot, Lazarus, Alastair Paterson

Disaluyukeun ku: Ruth Klassen, Sarah S.

Ditarjamahkeun ku: Kurnia Arifin

Diproduksi ku: Bible for Children
www.M1914.org

©2022 Bible for Children, Inc.

Lisensi: Saderek ngagaduhan hak kanggo ngopy atanapi nyetak
carita ieu, salami sanes kanggo tujuan komersil.





"Guru! Naon anu kedah abdi lampahkeun supados nampi hirup langgeng?" Anu naroskeun patarosan éta nyaéta ahli hukum, nyobian nипу Yesus.

"Naon ceuk Hukum Allah?" Yesus ngawaler.



"Kanyaah ka Allah jeung ka sasama," ceuk eta lalaki.
"Tapi saha sasama kuring?"
Manéhna nanya.



Pikeun ngajawab pananya éta, Yésus nyaritakeun carita ngeunaan saurang lalaki nu keur indit ti Yérusalém ka Yériho.


Lalaki éta diserang ku begal.



Eta begal teh nyokotan sagala nu kapanggih, malah nyokot baju urang musafir. Manéhna ogé tatu-tatu, ngantunkeun anjeunna nepi ka arek maot di sisi jalan.




Kabeneran aya hiji imam nu keur ngaliwat. Tangtu anjeunna bakal nulungan nu tatu.



Henteu! Ningali lalaki éta getihan,
anjeunna ngan ukur
ngaliwat di sisi jalan.



Geuwat dampal suku teh siga nu ngabéwarakeun
yen aya nu séjén ngadeukeutan. Anjeunna
urang Lewi, anu ngabantosan para imam
di Bait Allah.




Manéhna ningali eta lalaki nu cilaka,
tuluy indit jauh teu mantuan nanaon.



Tungtuna aya hiji urang Samaria
dongkap. Urang Yahudi teh ijid
pisan ka urang Samaria.



Jalma-jalma anu ngadengekeun carita
Yesus moal nyangka urang Samaria bakal
jadi pahlawan. Tapi enya kitu
anjeunna. Urang Samaria




teh paduli, sarta eureun pikeun mantuan.



Eta urang Samaria teh tuluy sideku, nahan ubar jeung perban kana tatu-tatuna. Lajeng anjeunna sorangan mantuan lalaki cilaka eta ditaekkeun kana kaldena.



Dina hiji panginepan sisi jalan,
urang Samaria ngurus eta jalma
sapeupeuting.



Isuk-isuk anjeunna mayar ka nu boga
panginepan pikeun ngurus musafir
nepi ka cageur deui.



Carita eta teh réngsé. Tuluy Yesus
naros, "Cing saha anu jadi sasama
ka nu cilaka?"





Ceuk ahli hukum,
"Taga-tatana teh
urang Samaria
anu welas asih."



"Geura, lampahkeun kitu," saur Yesus. Sasama téh
saha waé nu butuh pitulungeun. Urang teh bisa
némbongkeun kanyaah
ku cara nulungan
jalma nu butuh.
Nu kitu matak
nyenangkeun Gusti.



Urang Samaria Hade Hate

Carita tina Dawuhan Gusti, Alkitab

Kenging ti

Lukas 10

"Ngawitan bubukana Dawuhan Gusti anu
masihan Caang." Psalm 119:130





Rengse



Kisah Kitab Suci/Alkitab ieu nyarioskeun kasaean Gusti anu tos ngajantenkeun urang, sareng anu mikahoyong sangkan urang tiasa wanoh ka Anjeuna.

Gusti uningaeun yen urang teh tos seueur milampah kasalahan, anu ku Mantena disebat dosa. Hukuman akibat tina dosa teh nyaeta pati, tapi Gusti Allah kacida mikanyaah Saderek dugika ngutus Putrana Yesus, kanggo pupus dina kai palang teras dihukum kumargi sagala dosa Saderek. Teras Yesus gugah deui sareng diangkat ka sawarga! Upami Saderek percanten ka Yesus tur neneda ka Anjeuna supados ngahampura sagala dosa Saderek, Anjeuna baris ngalaksanakeun panuhun Saderek eta! Anjeuna bakal sumping sareng linggih di lebet Saderek ayeuna keneh oge, tur Saderek bakal sasareangan sareng Anjeuna salalamina.

Upami Saderek percanten yen ieu sadaya teh hiji bebeneran, saurkeun ka Gusti sapertos kieu:

Nun Yesus, abdi percanten yen Anjeun teh Gusti, anu mijalma janten manusa tur pupus kanggo sagala dosa abdi, ayeuna Anjeun hirup deui. Sumangga sumping dina kahirupan sim abdi, hapunten sagala dosa abdi, supados abdi tiasa ngengingkeun hirup anu anyar, tur engke dina hiji waktos bakal sasareangan sareng Anjeun salalamina. Tuyun sim abdi supados taat mung ka Anjeun, teras abdi tiasa hirup kanggo Anjeun, salaku Putra Gusti, Amin.

Aos Kitab Suci sareng teras cumarios ka Gusti unggal dinten! Yohanes 3:16

